

Kimoun ki ka aplike: Benefisyè DHE aktyèl yo ki kontinye ranpli kondisyon kalifikasyon pou pwogram nan. Ou ka kalifye pou DHE si total lè w mete ansanm revni anyèl pwopriyetè yo ak konjwen yo se \$58,399 oswa mwens epi chak pwopriyetè se yon moun andikape. (Si pwopriyetè yo se konjwen oswa frè/sè, sèlman yonn dwe gen yon andikap.) Gen kèk eksepsyon, men pwopriete a dwe se rezidans prensipal tout pwopriyetè yo e li pa ka yon devlopman imobilie.

Voye demann ou an nan kourye lapòs nan: New York City Department of Finance, Homeowner Tax Benefits, PO Box 3179, Union, NJ 07083. (Tanpri pa voye okenn pèman nan adrès sa a, epi pa voye okenn pèman ansanm ak aplikasyon renouvèlman w lan.)

Dat limit: 15 Mas. (Si 15 Mas la tonbe nan yon jou wiken oswa yon jou ferye, dat limit lan se ap pwochen jou travay la.)

SEKSYON 1: ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETE A

| | | |
|------------------------|------------|-------------|
| AWONDISMAN: | BLÖK: | LO: |
| NIMEWO KAY AK RI: | | |
| VIL: | ETA: | KOD POSTAL: |
| NON MOUN POU KONTAKTE: | # TELEFÒN: | IMÈL: |

Reponn kesyon ki annapre yo pou ede nou detèmine si w kalifye:

- Depi lè w te ranpli dènye aplikasyon w lan, èske gen moun ki ajoute oswa retire sou ak ou a? Wi Non
- Èske total lè w mete revni tout pwopriyetè yo ak konjwen yo ansanm plis pase \$58,399? Wi Non
- Èske w te bay Depatman Finans (Department of Finance) lan prèv pou yon andikap pèmanan? Si w pa gen yon andikap pèmanan, oswa ou poko ban nou dokimantasyon pou yon andikap pèmanan, chwazi "Non." Sa pap diskalifye w pou w pa resevwa egzonerasyon an. Wi Non
- Èske gen yonn nan pwopriyetè yo ki gen yon lokatè ki andikape kote kontra lokasyon yo a ba yo yon entere pou dire lavi nan propriete a? Si wi, bay non ak nimewo sekirite sosyal (SSN) lokatè ki andikape a. Wi Non

Non _____

SSN _____

SEKSYON 2: ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETÈ A (YO)

(Fè yon lis tout pwopriyetè yo jan sa parèt sou ak oswa sètifikasi antanke aksyonè a.)

| NON PWOPRIYETÈ A | DAT NESANS | SSN OSWA ITIN * | ÈSKE PWOPRIYETÈ SA A SE TOUJOU REZIDANS PRENSIPAL PWOPRIYETÈ SA A |
|------------------|------------|-----------------|---|
| | | | <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON |
| | | | <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON |
| | | | <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON |
| | | | <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON |

Èske gen moun lakay ou ki te janm sèvi, oswa èske y ap sèvi kounye a, nan Fòs Lame Ameriken yo, Gad Nasional, oswa Rezèv? Tanpri chwazi sa ki apwopriye a:

Pèsonèl Konjwen/Patnè Ptit Lòt (ekri) _____

SEKSYON 3: REVNI

Fè estimasyon total lè w mete revni tout pwopriyetè yo ak konjen yo ansanm:

Ou dwe antre yon nimewo nan ti kare sa a ►

\$

Gade enstriksyon yo voye ak aplikasyon sa a, oswa vizite www.nyc.gov/dherenewal pou plis enfòmasyon. Ou dwe bay enfòmasyon sou revni oswa sa ka lakozi reta nan trètman aplikasyon w lan.

SEKSYON 4: DOKIMANTASYON

1. Revni/Kòb ki ranstre

Ou dwe bay kopi tout sous revni pou tout pwopriyetè yo ak konjen yo pou ane 2023. Sa gen ladann, men se pa sa sèlman, deklarasyon taks sou revni federal oswa pou eta a ansanm ak tout orè yo, W2 yo, 1099 yo, eta kont Sekirite Sosyal yo, ak avantaj retrèt yo. Si w te resevwa distribisyon IRA oswa distribisyon nan yon plan pèman retrèt endividiyèl, ou ka retire montan y ap pran taks sou li a nan revni global ou ki ajiste a nan objektif pou detèmine kalifikasyon w pou avantaj yo. Tanpri mete nenpòt dokimantasyon ki enpòtan, sa gen ladann fòmilè 1099-R yo, men se pa sa sèlman.

2. Bay sa ki annapre yo sèlman si te gen chanjman depi dènye fwa w te ranpli aplikasyon an.

- Si yon pwopriyetè non l parèt sou ak la ap viv yon lòt kote akoz divòs, separasyon legal oswa abandon, tanpri soumèt yon kopi dokimantasyon legal la.
- Si yon pwopriyetè ap viv aplentan nan yon etablisman swen sante rezidansyèl, tanpri soumèt yon lèt ofisyèl etablisman an bay.
- Si yon pwopriyetè mouri, tanpri soumèt yon kopi sètifikasi desè a.
- Si pwopriete sa a fè pati yon fidisi, sa gen ladann yon fidisi pou bezwen espesyal, oswa si genyen yon lokasyon pou dire lavi sou pwopriete a, tanpri soumèt yon kopi fidisi a oswa dokimantasyon lokasyon pou dire lavi a.
- Si pwopriyetè a gen yon lokatè ki andikape kote kontra lokasyon yo a ba yo yon enterè pou dire lavi nan propriete a, tanpri bay dokimantasyon an.

SEKSYON 5: SÈTIKASYON

Chak pwopriyetè espas la dwe siyen yon fason pou yo ka trete aplikasyon w lan.

Mwen sètifye ke tout enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a se laverite epi kòrèk daprè sa mwen konnen.

Mwen sètifye ke mwen p ap resevwa yon egzonerasyon pou taks sou pwopriete nan okenn lòt pwopriete mwen posede, sa gen ladann pwopriete ki pa nan New York City.

Mwen konprann ke enfòmasyon sa a ka sibi odit e si Depatman Finans lan kenbe m nan fè fo deklarasyon, mwen ka pèdi avantaj mwen tapral jwenn yo e m ap responsab pou tout chaj ak penalite ki aplikab. Mwen konprann ke mwen oblige fè Depatman Finans lan konnen nenpòt chanjman ki ta ka afekte kalifikasyon m pou avantaj sa a.

Mwen konprann Depatman Finans lan kapab verifye revni mwen an.

| Non: | Siyati: | Dat: |
|------|---------|------|
| | | |
| | | |
| | | |
| | | |

Si akoz yon andikap, ou bezwen yon aranjman pou ou ka aplike pou yon sèvis ak pou ou resevwa yon sèvis oswa pou ou kapab patisipe nan yon pwogram Depatman Finans ofri, nou envite ou kontakte Fasilitatè Sèvis pou Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeeov/contactdofeo oswa rele 311.

*Ou dwe bay nimewo Sekirite Sosyal ou oswa ITIN, si w genyen yon nimewo konsa, pou ou aplike pou egzonerasyon taks sou pwopriete a. Nou mande enfòmasyon sa yo pou asire dosye nou yo kòrèk, epi pou asire ou bay enfòmasyon ki egzat. Nou gen dwa pou mande enfòmasyon sa yo ki endike nan Seksyon 11-102.1 Kòd Administratif la.